www.nohchalla.com

# Пондар

**Чардакх т1ехь соьца тийна 1а буьйса,
Шийлачу х1оно техкадо тхо.
Д1о геннахь цхьанга пондаро кхойкху,
Т1ам тухий сан са терке д1ахьо. 2р**

**Са хьийзаш 1уьллу, ойлане вуьйлу,
Витахьа пондар буьйсанна со.
Сийналлехь цхьаьна ши седа лела,
Жималло 1ехош со цаьрца го. 2р**

**Пондар т1ех буьйлу, дог карзах дуьйлу,
Соьга кхин цуьнца къийса ца ло.
Сан метан кхин к1ант х1оз хоьхкуш лела,
Чан оьций цера бералла хьо. 2р**

**Сан когийн тача гена д1акхаьчна,
Стешха йорт йолуш дуьне хилла.
Х1умма дац пондар ма белха пондар,
1одика йойла бералла хьан. 2р**

**Чардакх т1ехь соьца тийна 1а буьйса,
Шийлачу х1оно техкадо тхо.
Д1о геннахь цхьанга пондаро кхойкху,
Т1ам тухий сан са терке д1ахьо. 2р**

**Х1умма дац пондар ма белха пондар.
1одика йойла бералла хьан.
Декъала хуьлда бералла хьо.**

Create PDF files without this message by purchasing novaPDF printer (http://www.novapdf.com)